

Ti Biznis yo ak Asirans Sante

Èske Ou Enterese Ofri Asirans Sante pou Anplwaye Ou yo?

Gen anpil rezon pou ti biznis yo bay asirans sante pou anplwaye yo, menmsi yo pa gen obligasyon pou fè sa.

AVANTAJ NAN TAKS POU OU:

- Ti biznis yo kapab **mande yon dediksyon** nan taks sou revni yo pou depans asirans sante yo fè.
- Kèk ti biznis ki ofri pwoteksyon asirans sante pou anplwaye yo kapab **mande yon kredi nan taks pou swen sante** ki kapab rive jiska 50% depans pou asirans sante yo, selon kalite biznis lan (ki komèsyal oswa ki pa komèsyal), kantite anplwaye yo (mwens pase 25), salè yo ak kantite lajan ou peye a.
 - ✓ Ti biznis ou pa bezwen gen okenn responsablite fiskal nan moman an pou li pran avantaj **kredi nan taks sa yo**. Kredi yo kapab konpanse obligasyon taks sou revni ane pase oswa obligasyon ou genyen nan pwochen 20 ane yo.
 - ✓ Pou ti biznis ki **pa komèsyal yo, kredi nan taks pou swen sante a kapab ranbouse**.
 - ✓ Ou dwe ofri pwoteksyon avèk Mache Asirans Ti Biznis nan NY State of Health pou kalifye.

AVANTAJ NAN TAKS POU TRAVAYÈ OU YO:

- Ti biznis ki ofri pwoteksyon an kapab **fasilite anplwaye yo ekonomize lajan nan taks** lè yo kite anplwaye yo peye kotizasyon yo nan frè pou peye pou pwoteksyon asirans lan avèk rediksyon nan salè yo anvan taks.
- Kantite lajan ou kotize nan frè pou peye pou pwoteksyon asirans sante pou **travayè** ou yo pa fè pati nan revni anplwaye a anvan dediksyon epi poutèt sa, sa pèmèt anplwaye a fè **ekonomi lajan sipleman** sou taks.

MENDÈV AK AVANTAJ OPERASYONÈL:

- Ti biznis ki bay anplwaye yo pwoteksyon asirans sante ka:
 - **Atire ak konsève pi bon travayè yo**
 - **Antreteni sante travayè yo**
 - **Redui nan depans anbochaj ak fòmasyon**
- **Pifò moun yo ap oblije gen pwoteksyon asirans oswa y ap peye yon sanksyon**. Lè ou ofri travayè ou yo pwoteksyon asirans sa reprezante yon fason pou ede yo jwenn pwoteksyon asirans yo bezwen dapre lwa federal sou swen sante.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou avantaj nan taks pou bay asirans sante pou anplwaye ou yo, pale avèk yon konsèyè fiskal.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou refòm nan swen sante epi pou kòmanse avèk pwoteksyon ou, ale sou sitwèb NY State of Health nan nystateofhealth.ny.gov oswa rele nimewo 1-855-355-5777.

FLY-930 (D)
Rev. 03/16

NYC
Human Resources
Administration
Department of
Social Services

**HEALTH
INSURANCE
LINK**

NYC Human Resources Administration Office of Citywide Health Insurance Access bay fèy done sa yo pou enfòmasyon sèlman. Tanpri kontakte yon konpayi asirans, yon koutye asirans, yon konsèyè taks, oswa yon otorite kontwòl leta pou konprann dwa ak responsablite ou yo.